



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM  
RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A POU ANKETE SOU KWA GAME YO NAN PAK  
ETA A NAN KONTE SUFFOLK**

"Mwen santi m degoute ak dekouvèt Jedi swa konsènan de kwa game (swastikas) yo jwenn ki pentire sou yon bilding abandone nan Pak Eta Nissequoque River nan Konte Suffolk. Senbòl anti-Semit degoutan sa yo gen kòm objektif enspire laterè epi alimante kansè rayisans ki vini anvayisan nan tout nasyon sa a nan ane resan yo. Mwen pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou ankete sou zak gwosye sa a, jwenn sila yo ki responsab epi pouswiv yo devan lajistis nan tout mezi lalwa pèmèt. Nan New York nou genyen absoliman zewo tolerans pou zak entolerans yo, epi nou pral kontinye denonse yo chak fwa ak kèlkeswa kote nou wè yo".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)